**Pou Piblikasyon Imedya:** 27/10/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA POU ELAJI SÈVIS SANTE KONPÒTMANTAL NAN ANVIWÒNMAN SWEN PRENSIPAL YO

***Sibvansyon federal sou senk ane a pral konsantre sou kominote ki gen obstak pou jwenn swen, tankou zòn riral yo***

***Modèl Swen Kolaboratif la bay plizyè milye Nouyòkè ki gen pwoblèm sante fizik ak sante konpòtmantal bon jan sipò***

Gouvènè Hochul anonse jodi a Eta a pral resevwa 10 milyon dola nan finansman federal pou asire plis anviwònman swen prensipal ofri sèvis sante konpòtmantal pou soutni moun ki gen bezwen konplèks. Inisyativ Avansman Swen Kolaboratif pou Sistèm Dirab ki Baze sou Prèv yo, oswa "ACCESS-NY", ke Biwo Sante Mantal Eta a administre pral elaji Modèl Swen Kolaboratif la nan uit nouvo sant sante ki kalifye nan nivo federal ak klinik sante riral toupatou nan eta a.

"Twò souvan, Nouyòkè ki gen pwoblèm sante fizik bezwen swen sante konpòtmantal tou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman atravè inisyativ sa a pral ede plis founisè entegre sèvis sa yo nan anviwònman swen prensipal yo epi elimine kèk nan obstak Nouyòkè yo rankontre nan zòn eta nou an ki gen mwens moun yo."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk, te deklare,** "Elaji swen kolaboratif nan etablisman swen sante ki trete plis pasyan ki gen bezwen konplèks nan sante fizik ak sante konpòtmantal se yon bon okazyon pou pran swen sante mantal moun yo nan yon anviwònman yo abitye avèk li, avèk yon apwòch entegre. ACCESS-NY se youn nan plizyè efò ki vize rann li pi fasil pou moun jwenn sipò sante mantal alè, ki reponn ak bezwen yo, sa ki montre angajman Gouvènè Hochul pran pou ranfòse swen sante mantal toupatou nan eta a."

Administrasyon Sèvis pou Abi Sibstans ak Sante Mantal la (Substance Abuse and Mental Health Services Administration) te bay Nouyòk 4 milyon dola davans pou finanse de premye ane ACCESS-NY yo. Ajans federal la pral bay sibvansyon anplis 2 milyon dola nan chak nan twa dènye ane pwogram nan.

Inisyativ ACCESS-NY la pral konsantre sou uit etablisman swen ki gen yon kantite pasyan ki gen bezwen konplèks nan sante fizik ak sante konpòtmantal ki pi wo pase sa yo ta atann. Yo prevwa pwogram nan pral trete anviwon 1,750 moun ki gen 6 lane oswa

plis, ki gen maladi fizik kwonik ansanm ak pwoblèm sante mantal oswa pwoblèm ki gen rapò ak konsomasyon sibstans.

ACCESS-NY pral devlope tou patenarya ant founisè swen prensipal ak sant sante mantal kominotè yo, sa pral kreye rezo pi solid epi bay fòmasyon pou ede yo idantifye ak jere pwoblèm sante fizik yo rankontre souvan. Finansman an pral soutni teknoloji ki entegre ak dosye sante elektwonik pou amelyore efikasite epi ede ekip swen prensipal yo pran desizyon klinik.

Anplis, finansman an pral ede abòde pwoblèm mank pèsonèl grasa nouvo fòmasyon sou entènèt ki fèt pou rann swen entegre bon kalite aksesib pou plis moun. Inisyativ la pral egzamine tou fason pou fè founisè swen ki pa tradisyonèl patisipe nan wòl ki nesesè yo, tankou espesyalis sipò sante mantal ki gen kalifikasyon Nouyòk ak enfimyè ki gen lisans yo.

Modèl Swen Kolaboratif la mete yon konsiltan sikyatri ak yon responsab swen sante konpòtmantal nan ekip swen prensipal yo pou bay tretman ki baze sou prèv epi ede jere medikaman yo. Sipò pou Modèl Swen Kolaboratif la, ki te kòmanse nan Eta Nouyòk an 2012, rive kounye a nan plis pase 450 etablisman swen sante fizik toupatou nan eta a.

**Senatè Eta a, Gustavo Rivera, te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou envestisman 10 milyon dola sa a ki pral elaji aksè ak sèvis swen sante konpòtmantal pou Nouyòkè ki gen bezwen konplèks nan kèk nan zòn eta nou an ki pi manke sèvis medikal yo. Grasa inisyativ ACCESS-NY la, n ap ranfòse patenarya ant founisè swen prensipal ak pwofesyonèl sante mantal, bay ekip swen yo zouti ak fòmasyon yo bezwen, epi asire plis moun kapab jwenn swen konplè ak kowòdone nan kominote kote y ap viv yo."

**Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare,** "Antanke Prezidant Komite Sante Mantal Sena a, mwen konnen chak Nouyòkè bezwen gen aksè ak sèvis sante konpòtmantal. Moun k ap viv nan zòn riral yo — ki reprezante plis pase 17% popilasyon eta a — souvan gen obstak pou jwenn swen sante mantal. Mwen felisite finansman sa a ki pral elaji Modèl Swen Kolaboratif la epi envesti nan founisè swen riral yo ak espesyalis kominotè k ap bay swen sante mantal bon kalite."

**Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare,** "Sante konpòtmantal pa separe ak sante fizik, men sosyete nou an gen twò lontan depi l ap trete yo kòmsi yo te separe. Lè nou mete sèvis sante konpòtmantal nan anviwònman swen prensipal yo, sa pral ede moun ki gen bezwen konplèks jwenn swen kowòdone, pandan founisè yo ap resevwa fòmasyon pou yo pi byen soutni pasyan yo. Mèsi, Gouvènè Hochul, pou angajman ou pran pou ranfòse swen sante mantal toupatou nan eta a."

###

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU

Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.